# MEKTEPKE SHEKEMGI JASTAǴI BALA SHAXSINIŃ RAWAJLANIWINA SHAŃARAQTAǴI ORTALIQTIŃ ROLI

**Ilyasov Tursinbay Maxsetbaevich**
Qaraqalpaqstan respublikasi Xojeli rayoni 4 sanli MMSHBSH psixologi.

https://doi.org/10.5281/zenodo.18745085

***Annotaciya.*** *Shańaraq mektepke shekemgi bala shaxsınıń rawajlaniwinda eń ahmiyetli buwını esaplanadı, sonliqtan bul tema óz aktuallıǵın joytpaydi.*

***Gilt sózler:*** *regulyator, stimul, minez-qulq, avtoritar, demokratiyaliq.*

***Аннотация.*** *Семья играет очень важную роль в развитии личности ребенка дошкольного возраста, поэтому данная тема не теряет своей актуальности.*

***Ключевые слова:*** *регулятор, стимул, поведение, авторитарный, демократический.*

***Abstract.*** *The family is a very important stage in the development of a preschool child's personality, so this topic does not lose its relevance.*

***Keywords:*** *regulator, stimulus, behavior, authoritarian, democratic.*

Shańaraq balanı orap turǵan sociallıq ortalıqtıń eń ahmiyetli buwını esaplanadı. Onıń balaniń shaxs sıpatinda qáliplesiwinde kórsetetuǵın tásiri júdá úlken. Bul dáwirde balanıń ǵárezsiz bolıwı salıstirmali bolıp, ol kóp tárepten úlkenler qaramaǵı hám járdemine mútaj boladi.

Ata-ananiń pikiri hám múnasibeti bul dáwirde júdá úlken alǵa talpındırıwshı kúshke iye bolip, ol minez-qulıqtiń regulyatori hám psixikalıq jaqtan rawajlanıwdıń stimulyatori bolıp xizmet qıladi [Nishonova, Alimova 80]

Psixiyatrlardiń aytiwinsha, balanı hádden tısqarı qattiqolliq penen tárbiyalaw olarda nevrozlardi hám psixosteniyani keltirip shıǵarıwshı faktorlardan biri esaplanadı. Sonday-aq bixeviorizm baǵdarınıń tiykarshisi Dj Uotson, bala tárbiyasinda shańaraqta anıq kún tártibine ámel qılıw, túrli stimullardiń tásirinen qorǵaytuǵin balaniń arnawli xanasi bar ekenligi balaǵa muxabbat hám ǵamxorliq kórsetiwde norma boliwi zárúr ekenin aytip ótedi.

Álbette hár bir shańaraqta qarım-qatnas ózine tán hám tákirarlanbaytuǵın faktorlardan biri. Bıraq ata-ana hám bala qarım-qatnasiniń uliwmaliq tárepleri de bar. Ata-analar balalar minez-qulqin basqariwda qanday usıllardan paydalaniwina qaray qarim-qatnas kóbinese “demokratiyaliq” hám “avtoritarliq” usillarǵa bólinedi.

Balalarǵa shańaraqta tásir etiwdiń “demokratiyaliq” formasi ushın tómendegiler tán: balaǵa kóp nársege ruxsat beriledi, bala menen kóp sáwbet qilinadi, oǵan isenim hám húrmet penen múnasibette boladi, ata-analar bolar-bolmas qadaǵalawlar hám sheklewlerdi qoymawǵa háreket qiladi, ilaji barinsha balalardiń sorawlarina juwap beriwge, olardiń qiziǵiwshiliqlarin qanaatlandiriwǵa háreket etedi.

Shańaraqlarda “avtoritarliq” ortaliq balalarǵa hádden tisqari qadaǵalawlardiń kópligi menen xarakterlenedi. Bul usilda ata-analar baladan olarǵa toliq boysiniwdi talap etedi. Bunday shańaraqlarda balalarǵa minez-quliq qaǵiydalarin túsintiriwge qaratilǵan sáwbetler az ótkeriledi.

Bizge sol nárse belgili “avtoritarliq” hám “demokratiyaliq” usıldan paydalanǵan shańaraqlarda tárbiyalaniwshi balalardiń shaxsiy qáliplesiwinde parqlar kózge taslanadı.

“Demokratiyaliq” usıldan paydalanǵan shańaraqlardiń perzentleri dóretiwshilikke beyim, shólkemlestiriwshi, liderlikke umtiliwshań, socialliq qarim-qatnaslarda kóbirek emociyalardi sezetuǵin perzentler boladi.

Sotsiometriyalıq tájriybelerden málim bolıwınsha shańaraqliq ortaliq jaqsi, ata-ana hám bala ortasindaǵi qarim-qatnas demokratiyaliq tiykardan quralǵan bolsa, bala óz teńlesleri arasinda, toparda úlken abıroyǵa iye kerisinshe, salamat turmıs tarsi qáliplespegen shańaraqta tárbiyalanip atirǵan balalar birqansha ózlerine tómen baha beredi.

Ata-analar perzentlerin tárbiyalaǵanda joqaridaǵi usillardiń hár ekewinde orninda qollaw eń jaqsi nátiyje beredi, sebebi “demokratiyaliq” usilda tárbiyalanǵan balalar hádden tisqari erke, al “avtoritarliq” usilda tárbiyalanǵan balalar natiq hám tartinshaq bolip qaliwi múmkin.

Endi dúnyaniń rawajlanǵan mámleketlerinde shańaraqtaǵi ortaliqtiń bala shaxsiniń qáliplesiwine tásirine toqtap ótemiz:

Yaponiya- Kun shiǵar mámlekette ata-analar perzentleriniń tárbiyasina júdá úlken juwapkershilik penen qaraydi. Belgili Yapon alimi Masara Ibukidiń pikirine kóre, balaǵa tiykarǵi tárbiyani 3-jasqa shekem beriw lazim. Mine usi 3 jasqa shekem perzentińizdegi jasirin qábiletin júzege shiǵariw múmkin. Yaponiyalilar 5 jasqa shekem bolǵan kishkenelerge sultanday múnasibette boladi. Olar qálegenshe oynawi, oyina kelgen jumislardi qiliwi múmkin. Hátteki balalar baqshalarinda balalar flamaster menen diywalǵa qálegeninshe siziwi múmkin bul ushin arnawli xanalar bar. Egerde anasi óz perzentiniń is-háreketlerinen narazi bolsa, shetke alıp shıǵıp, pás dawısta oǵan ózin qalay tutıw kerek ekenligin túsindiredi.

Germaniyada balalardiń hár tárepleme rawajlaniwına 3 jastan baslap úlken itibar beredi.

Analar óz perzentlerin baslanǵısh basqıshta háptede bir márte , sál úlkeygennen keyin bir neshe márte arnawlı rawajlandırıw toparlarına alıp baradı. Maqset topar bolıp oynaw, óz-ara qarım-qatnastı úyretiw. Mine usi toparlarǵa barǵannan keyin oni balalar baqshasına beredi.

Sebebi perzentiniń baqshaǵa kónligiwi ańsat keshedi hám balalar bul jerde ózlerin erkin sezedi. Germaniyada balalarǵa telivizor kóriwge ruxsat berilmeydi hám ilaji barinsha saat 20 00 de uyiqlatadi, sebebi perzentleri erte oyanadi hám kishkeneliginen kunin rejelestirip úyretiledi.

Mektepke shekemgi jastaǵı balalardiń shańaraq aǵzalarına bolǵan múnasibetleri ul hám qiz balalarda túpten parq qıladi. Máselen ul balalar qizlarǵa qaraǵanda kóbirek óz jınsindaǵı shańaraq aǵzaları ákesi, ajaǵası, atasına ózin jaqın tutadı. Shańaraq bala shaxsiniń qáliplesiwi hám rawajlanıwında ornı salmaqlı eken, shańaraq aǵzaları balalardiń psixikalıq jaqtan rawajlaniwin táminlew ushin shańaraqta salamat qarim-qatnas ortaliǵin jaratiw lazim, tárbiyashilardiń eń tiykarǵi járdemshisine aylaniwi kerek.

Juwmaqlap aytqanda bala shańaraqta qánsheli kóp erkeletilse shaxs sipatinda sonsha ástelik penen jetiledi, ol passivlik hám apatiyaǵa beyim bolıwı múmkin, bálkim keyin ala oniń xarakteri qáliplesedi.

Shańaraqta psixologiyaliq ortaliq, yaǵniy balalar menen bolǵan qarim-qatnas xarakteri, olarǵa mehir-muhabbat, diqqat-itibar menen múnasibette boliw ósip kiyatirǵan balaniń hár tárepleme rawajlanıwı ushın úlken rol oynaydi. Soniń ushın da bárkamal insan tárbiyasi dáslep shańaraqtaǵi ortaliqtiń salamat boliwin talap etedi…

**Paydalanǵan ádebiyatlar:**

1. Z.Nishanova, G.Alimova "Bolalar psixologiyasi va uni óqitish metodikasi" T.: 2006
2. Z.T.Nishanova hám basqalar "Rivojlanish psixologiyasi pedagogik psixologiya" T.: 2018.